


## BAB III METODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2012, Kc. 2), métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data nu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu. Unggal panalungtikan tangtu maké métode nu luyu jeung udagan nu baris dihontal. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif analitik. Métode ieu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu saterusna dianalisis.

Desain ieu panalungtikan baris digambarkeun di handap.



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan

### 3.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan nyaéta alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun sajumlahing informasi anu dipikawanoh minangka data panalungtikan, nya éta naskah. Ieu naskah lain mangrupa naskah asli, tapi mangrupa naskah fotokopi nu aya di Ibu Ruhaliah, Dosén Pendidikan Bahasa Sunda UPI, asal naskahna ti Cibiru. Aksarana diwangun ku aksara pégon. Ieu naskah kaasup naskah jamak, sabab masih aya naskah-naskah séjénna.

Naskah séjénna kapanggih dina *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jilid 4* nu disusun ku T.E Behrend, rol 490.07 nu jumlahna aya 161 kaca. Aya ogé 4 naskah nu mangrupa koléksi Ibu Ruhaliah, 2 dina mikrofilm jeung 2 deui mangrupa naskah hasil fotokopi. Salian ti éta, naskah “Wawacan Said Saman” ogé kapanggih dina *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jilid 5A* nu disusun ku Ekadjati, asal naskahna ti Desa Neglasari Kacamatan Limbangan, Garut. Jumlahna aya 270 kaca nu mangrupa warisan ti kulawarga Asep Dadang Bahrudin.

Naskah “Wawacan Said Saman” nu kapanggih aya téh 7. Tapi nu dianalisis dina ieu panalungtikan ngan sanaskah.

### 3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta.

- a. Wawancara.
- b. Studi Pustaka.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan téh nyaéta pakakas anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nu saluyu jeung masalah nu ditalungtik. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) pagawéan bakal leuwih babari tur hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep, jeung sistematis sangkan datana leuwih babari diolah.

Ku kituna panalungtik nyieun pedoman wawancara pikeun maluruh idéntitas naskah nu mangrupa format idéntitas naskah kayaning ieu di handap.

**Nuning Ayuningsih, 2018**

NASKAH “WAWACAN SAID SAMAN” UNTUK BAHAN AJAR MEMBACA WAWACAN DI SMA KELAS XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

|                            |   |
|----------------------------|---|
| a. Judul                   | : |
| b. Kode                    | : |
| c. Lokasi Ayana Naskah     | : |
| d. Asal Naskah             | : |
| e. Ngaran Pangarang        | : |
| f. Ukuran                  | : |
| • Lembaran                 | : |
| • Ukuran Ruang Tulis       | : |
| • Jumlah Baris Perhalaman: | : |
| g. Material Naskah         | : |
| • Merk Buku                | : |
| • Warna Kertas             | : |
| h. Warna Jilid             | : |
| i. Kandalna Naskah         | : |
| j. Paginasi                | : |
| k. Aksara/ Basa            | : |
| l. Warna Mangsi            | : |
| m. Gorésan                 | : |
| n. Tulisan                 | : |
| • Jenis                    | : |
| • Ukuran huruf             | : |
| • Bentuk huruf             | : |
| o. Eusi                    | : |
| p. Kelompok Téks           | : |

Panalungtik ogé nyieun instrumén nu mangrupa tabél pikeun nganalisis struktur “Wawacan Said Saman”.

**Tabel 3.1**

Tokoh dina “Wawacan Said Saman”

| No. | Ngaran Pupuh | Tokoh/Palaku |                 |                 | Katerangan |
|-----|--------------|--------------|-----------------|-----------------|------------|
|     |              | Palaku Utama | Palaku Marengan | Palaku Tambahan |            |
|     |              |              |                 |                 |            |

**Tabel 3.2**

Latar “Wawacan Said Saman”

| No. | Pada | Latar  |       |         | Cutatan |
|-----|------|--------|-------|---------|---------|
|     |      | Tempat | Waktu | Suasana |         |
|     |      |        |       |         |         |

Saterusna panalungtik ogé nyieun instrumén nu mangrupa tabél pikeun nganalisis jumlah pupuh anu dipaké dina naskah “Wawacan Said Saman”.

**Tabél 3.3**

Instrumén pikeun nganalisis jumlah pupuh

| No. | Ngaran Pupuh | Jumlah Pada | Guru Wilangan | Guru Lagu |
|-----|--------------|-------------|---------------|-----------|
|     |              |             |               |           |
|     |              |             |               |           |

Instrumén nu saterusna nya éta mangrupa tabél pikeun nganalisis bédana pupuh nu dipaké dina naskah “Wawacan Said Saman” jeung pupuh sacara tiori nu ilahar dipaké jaman kiwari.

**Tabél 3.4**

Instrumén pikeun nganalisis bébédaan pupuh

| No. | Ngaran Pupuh | Kurangna Padalisan | Leuwihna Padalisan | Pada ka- | Keterangan |
|-----|--------------|--------------------|--------------------|----------|------------|
|     |              |                    |                    |          |            |
|     |              |                    |                    |          |            |

Salian bébédaan pupuh sacara tiori jeung dina naskah, panalungtik ogé maluruh ngeunaan sasmita pupuh nu aya dina “Wawacan Said Saman”.

**Tabel 3.5**  
Analisis Sasmita Pupuh

| No. | Ngaran pupuh | Sasmita | Pada ka- | Padalisan<br>ka- | Cutatan |
|-----|--------------|---------|----------|------------------|---------|
|     |              |         |          |                  |         |
|     |              |         |          |                  |         |

### 3.6 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus aya, saterusna baris diolah kalawan tahap-tahap ieu di handap.

- a. Ngadéskrispsikeun naskah.
- b. Nyusun transliterasi naskah.
- c. Nganalisis data.
- d. Nyieun kacindekan.